



An Sekirite Lakay Prevansyon Nwayad

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov/COVID-19

Ozetazini, nwayad se kòz nimewo 1 lanmò nan blesi pou timoun gen laj 1–4 lane.¹

Florid klase nimewo 1 pou nwayad mòtèl timoun Ozetazini.²

Nan moman Florid ap relouvri pandan epidemi COVID-19 lan, anpil nan nou ap lakay nou toujou ap fè ekilib ant travay oswa klas sou entènèt pandan n ap pran swen timoun nou yo. Fwaye ki okipe yo lakòz anpil distraksyon. Blesi timoun ka rive nan kèk segonn lè paran oswa granmoun ki distrè pèdi tras timoun yo.

Aprann plis nan WaterSmartFL.com

Si ou gen yon pisin, kenbe nivo pwoteksyon ant timoun ou ak pisin lan:

SIPÈVIZYON Pa kite distraksyon anpeche w konnen kikote timoun ou ye. Tcheke pisin ou toudabò si ou pèdi tras timoun ou.

BARYÈ YO Asire ou ke kloti a ki toutotou pisin ou an gen sekirite epi pòtay yo lòk. Asire ou ke chak pòt ak fenèt ki bay sou zòn pisin lan lòk.

ALAM Mete yo nan pòt ak fenèt kay la, ak nan pòtay pisin yo. Ti klòch ki pann nan pòt ak fenèt yo ajoute pwoteksyon. Itilize yon alam antre pou pisin k ap pèmèt ou konnen lè yon bagay oswa yon moun antre nan pisin ou—gen kalite alam ki enstale sou rebò yon pisin oswa ki flote sou sifas pisin lan.

SIVEYAN DLO Si moman jwèt oswa moman an fanmi an gen pisin ladan, yon granmoun dwe responsab kenbe je TOUTAN sou timoun yo—nan pisin lan ak toutotou pisin lan. Moun sa a se Siveyan Dlo a.

Si vwazen ou gen yon pisin:

ENFÒME Fè li konnen ou gen yon timoun piti lakay ou. Mande vwazen ou an pou li tcheke de fwa pòtay ak kloti pisin li.

Si w al vizite fanmi oswa zanmi ki gen yon pisin:

VIZIT KOUT Dwe gen yon granmoun ki prevwa kòm Siveyan Dlo.

VIZIT LONG Pale ak tout moun nan kay la sou aksè timoun ou an nan pisin lan ak nivo pwoteksyon yo.

Plaj, lak ak larivyè:

SIPÈVIZYON Pa kite distraksyon anpeche w konnen kikote timoun ou ye. Si ou pèdi tras timoun ou an, tcheke zòn dlo yo toudabò.

BARYÈ YO Asire ou ke kloti ki toutotou kay ou an gen sekirite epi pòtay yo lòk. Asire ou ke chak pòt ak fenèt lòk.

ALAM Mete yo nan pòt, fenèt, ak pòtay yo. Ti klòch ki pann nan pòt ak fenèt yo ajoute pwoteksyon.

Lè Florid louvri, ajoute plis nivo pwoteksyon.



Enskri timoun ou nan leson naje.



Enskri pou fòmasyon nan CPR.

1. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention). (6 fevriye 2019). Prevansyon Nwayad. Disponib nan: <https://www.cdc.gov/safecchild/drowning/index.html>

2. Seksyon Prevansyon Vyolans ak Blesi. (22 mas 2019). Prevansyon Nwayad. Depatman Sante Florid. Disponib nan: <http://www.floridahealth.gov/programs-and-services/prevention/drowning-prevention/index.html>